



**WORKERS' COMPENSATION COMPLIANCE**  
**REQUIREMENTS/EGZIJANS KONFÒMITE DEDOMAJMAN**  
**POU AKSIDAN NAN TRAVAY**

**Fason pou Benefisyé Dedomajman pou Aksidan nan Travay**

Si w ap kolekte alokasyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay, ou dwe voye dokiman sa yo nan imèl bay TLC Compliance Unit/Inite Konfòmite TLC nan [tlccompliance@tlc.nyc.gov](mailto:tlccompliance@tlc.nyc.gov). Yo pral mande w pou **remèt** lisans TLC w la nan kourye lapòs nan: 31-00 47th Avenue 3rd Floor, Long Island City, NY 11101, Pou Compliance Unit.

1. Dokiman ki pwouve ou te mande alokasyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay.
2. Yon lèt orijinal ki soti nan men yon doktè ki gen lisans ki di ou pa an mezi pou travay. Doktè a dwe siyen lèt sa a epi mete so sou li, epi li pa kapab gen plis pase sis (6) mwa.

**Kisa ou responsab pandan w ap benefisyé Dedomajman pou Aksidan nan Travay la**

Pandan w pa kapab travay la, ou ap toujou oblige satisfè tout egzijans lisans TLC ki aplikab yo. Pou gen yon mwayen rapid, fasil pou jwenn enfòmasyon sou lisans ou an, ale sou [www.nyc.gov/tlcup](http://www.nyc.gov/tlcup).

Si w prevwa renouvre lisans Chofè TLC w la, ale sou sitwèb TLC a pou konnen egzijans renouvèlman yo ak plis enfòmasyon sou renouvèlman an nan <https://www1.nyc.gov/site/tlc/drivers/renew-a-tlc-drivers-license.page>.

**Remak:** Si w ranpli ezijans renouvèlman w yo nan espas 180 jou apre dat eksipirasyon w lan rive, yo pral mande w yon frè an reta ki se \$25.00 dola

**Fason pou sispann kolekte Dedomajman pou Aksidan nan Travay epi retounen nan travay**

Pandan w pa t an mezi pou travay la, yo te sispann lisans TLC w la. Pou retire sispansyon an epi retounen nan travay, ou dwe asire w satisfè tout egzijans TLC yo, epi soumèt prèv ki di ou an mezi pou retounen nan travay. Ou dwe voye dokiman sa yo nan imèl bay TLC Compliance Unit/Inite Konfòmite TLC nan [tlccompliance@tlc.nyc.gov](mailto:tlccompliance@tlc.nyc.gov):

1. Yon lèt orijinal ki soti nan men yon doktè ki gen lisans ki di ou an mezi pou retounen nan travay, san restriksyon. Doktè a dwe siyen lèt sa a epi mete so sou li, epi li pa kapab gen plis pase sis (6) mwa.
2. Dokiman ki soti nan konpayi asirans ou an ki di alokasyon Dedomajman pou Aksidan nan Travay la fini. Si w ta renmen jwenn enfòmasyon sou fason pou jwenn lèt sa a, tanpri ale sou sitwèb Dedomajman pou Aksidan nan Travay la nan: <http://www.wcb.ny.gov>.

**Remak:** Se sèlman lèt ki soti nan konpayi asirans ou an oswa ki soti nan Workers' Compensation Bureau/Biwo Dedomajman pou Aksidan nan Travay la y ap aksepte.

3. Soumèt yon fòm ranplasman lisans (PDF) ki ranpli epi siyen pou resevwa nouvo lisans lan ki nan [https://www1.nyc.gov/assets/tlc/downloads/pdf/req\\_driver\\_replace\\_credentials.pdf](https://www1.nyc.gov/assets/tlc/downloads/pdf/req_driver_replace_credentials.pdf). Gen yon frè vennsenk dola (\$25.00) pou ranplase lisans lan. Ou dwe pran yon randevou sou sitwèb TLC a, <https://www1.nyc.gov/site/tlc/tlc-online/licensing-standards-appointment-scheduling.page>, pou ale nan etablisman TLC ki nan Long Island City a.